



# Enfòmasyon konsènan Èd Alimantè SNAP pou Granmoun ki Depase 60 lane. Ogmante Bidjè Pwovizyon ou avèk SNAP!

Lè ou gen yon revni ki fiks, kék dola anplis pou achte manje kapab yon gran èd! Nan New Jersey, minimòm avantaj SNAP ou ka resevwa chak mwa, si w elijib, se \$95 - ki se \$1,140 lajan anplis pou w achte manje pou ane a!

Avantaj ou yo ka plis si w gen frè medikal, lojman ak fakti sèvis piblik sou kont ou.

Aplike pou SNAP jodi a nan konte konsèy sèvis sosyal ou a oswa vizite [NJSNAP.gov](#) epi ale nan "GET SNAP" pou w jwenn yon ajan SNAP pou oryante w.

## ENFÒMASYON KONSÈNAN SNAP POU GRANMOUN KI AJE

- ✓ Pa gen obligasyon travay pou moun ki gen 60 lane oswa ki depase laj sa.
- ✓ Ou ka rete elijib pandan 24 mwa avan dosye ou a dwe renouvle.
- ✓ Ou pa bezwen deplase an pèsòn pou w aplike oswa pou w ranpli pwosesis aplikasyon ou a - tout bagay ka fêt nan telefòn oswa anliy.

Li enpòtan pou w konnen Fwaye SNAP la gen ladan l tout moun kap viv epi ki manje ansanm, men moun ki aje yo kapab aplike pou tèt yo, menmsi y ap viv ak lòt moun.

Pou pifò aplikan yo, revni fwaye a chak mwa pa dwe pi wo pase montan ki mansyone nan tablo ki anba a. **Pakont, si manm fwaye a gen 60 lane oswa depase 60 lane oswa si li gen yon andikap, yo kapab toujou elijib menmsi revni brit yo depase montan sa yo.**

### Gwosè Fwaye a - Revni Brit chak Mwa (Oktòb 2023 - Septanm 2024)

1	\$2,248
2	\$3,041
Chak manm anplis	Ajoute \$793



Si w bezwen èd, ale nan konte konsèy sèvis sosyal ou a oswa vizite [NJSNAP.gov](#) epi ale nan "GET SNAP" pou w jwenn yon Ajan SNAP pou oryante w epi pou ede w aplike.



Eta New Jersey  
Phil Murphy, Gouvènè | Tahesha Way, Lyetnan Gouvènè



Depatman Sèvis Sosyal  
Sarah Adelman, Komisè